



Pou Piblikasyon Imedya: 21/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

LIDÈ KI NAN NEW YORK SANTRAL YO AK OTORITE KI ELI YO ANDOSE KONTRA LOJMAN NEW YORK LA APRE TAB WONN GOUVÈNÈ HOCHUL LA NAN ONONDAGA A

Gouvènè Kathy Hochul te òganize yon tab wonn kominotè avèk lidè lokal yo ak otorite ki eli nan New York Santral yo, ki te dirije pa ofisyèl administrasyon yo, pou diskite sou Kontra Lojman New York la (New York Housing Compact) - ki se estrateji konplè Gouvènè a te anonse nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2024 la pou abòde kriz lojman New York la epi konstwi 800,000 nouvo kay nan pwochen deseni an. Otorite ki eli yo ak lidè lokal yo te eksprime sipò yo pou plan an, ki baze sou vizyon Gouvènè a pou fè New York vin pi fasil pou viv, pi aksesib ak pi abòdab.

Majistra Syracuse, Ben Walsh, te deklare, "Kriz lojman ke Syracuse ak kominote yo atravè eta ap fè fas mande aksyon kreyatif ak detèminasyon. Se poutèt sa nou te lanse Inisyativ Katye Rezijan nan Syracuse la an 2019 pou konstwi nouvo lojman pou yon sèl ak de fanmi pou premye fwa nan plizyè deseni nan sit yo ki alantou vil la. Se poutèt sa n ap avanse tou prèske 2,000 lòt inite bon jan kalite lojman, ki abòdab, pou mendèv la ak pou granmoun aje yo nan gwo pwojè nan sid, nò, ak bò lwès vil la. Gouvènè Hochul ak ekip li a se patnè lojman solid nan Syracuse. Diskisyon tab wonn nan Syracuse ak lòt kominote yo enpòtan anpil pou angaje lidè lokal yo, paske nou bezwen patnè san bi likratif ak minisipalite nan vil yo, banlye yo ak zòn riral yo k ap travay ansanm pou abòde defi lojman nou tout nou rankontre ansanm yo."

Prezidan Konsèy Komen Syracuse lan Helen Hudson, te deklare, "Mwen gen anpil espwa epi mwen kontan dèske Gouvènè Hochul, ap pouse pou pi devan ak inisyativ lojman li an. Lè a rive pou nou egzamine lojman ki pa respekte estanda yo atravè Eta NY. Gras ak Gouvènè Hochul nou ka kòmanse anvizaje bon jan kalite lojman abòdab nan yon fason reyèl ki pral benefisye lokatè yo ak achtè kay premye fwa yo atravè eta a. Pou anvizaje lojman nan yon fason konplè, sa pral non sèlman garanti bon jan kalite lojman pou fanmi yo, men li ta jenere devlopman ekonomik nan kominote yo ki ta vrèman benefisye alafwa nan toude."

Prezidan Konsèy Komen Syracuse lan, Chol Majok, te deklare, "Mwen vle felisite ak sipòte Gouvènè Hochul paske li aktivman reflechi ak aji sou pwoblèm kalite ak mank lojman abòdab nan New York. Nou bezwen lidè ki gen volonte politik, tankou gouvènè

a, ki dinifye rezidan nou yo epi ede sipòte batay minisipalite lokal yo kont yon baz fiskal k ap grandi epi k ap redui."

Lejislatè Konte Onondaga Mary Kuhn, te deklare, "Plan lojman Gouvènè Hochul pwopoze a, mwen panse, se yon bon kòmansman pou abòde kriz nasyon nou an, epi sitou kominote nou an, ap sibi konsènan lojman abòdab. Domaj ke inegalite revni an genyen sou sitwayen nou yo, anplifye pa pandemi an, vin pi vizib pa eksplozyon sitiwayon sanzabri nou ap fè fas kounye a. Moun ki pa t janm sanzabri anvan yo te reyalize yo nan lari a, nan machin ak nan abri paske yo pa t kapab peye ogmantasyon pri lwaye pa yo. Paske Eta New York se yon eta otonòm, mwen konnen pral gen repwòch sou plan li a, men mwen espere ke li pral rete solid epi ke Sena a ak Asanble a pral adopte pwojè lwa enpòtan sa a."

Lejislatè Konte Onondaga, Peggy Chase, te deklare, "Lojman tèlman enpòtan pou kominote nou an. Sa a se te yon bon fason, nan yon delè rezonab, pou ban nou ase enfòmasyon pou reprezante pwogram nan ak entèlijans. Mwen espere ke nou ka kontinye kalite prezantasyon enfòmasyon sa yo."

Lynnore Fetyko, Direktè Egzekitif Jeneral Greater Syracuse Association of Realtors, te deklare, "REALTORS® nan New York Santral aplodi Gouvènè Hochul paske li te abòde mank lojman eta nou an epi li te angaje l pou kreye opòtinite pou Nouyòkè yo gen yon kay pou yo rele pwòp kay pa yo. Gras a lidèchip gouvènè a, nou gen Micron k ap envesti nan rejyon nou an. Sa pral ede ekonomi nou an epi pote nouvo djòb, men nou dwe gen solisyon ki gen enpak tankou pa li yo pou nou kapab loje moun k ap vini nan zòn nou an pou opòtinite sa a epi bay lojman ki pral kenbe rezidan nou yo isit la."

Ben Lockwood, ki se Prezidan ak Housing Visions lan, te deklare, "Elaji pwodiksyon lojman nan tout Eta New York se yon bon politik. Divès opsyon lojman se yon nesesitye pou kenbe kominote dinamik ki sèvi rezidan yo kòm sadwa."

Direktris Egzekitif Jeneral, Home Headquarters Inc., Kerry Quaglia, te deklare, "Kòm yon devlopè lojman abòdab san bi likratif ak youn nan pretè pou amelyorasyon kay prensipal nann nan Nò Eta New York, nou konnen pèsònèlman nou gen yon kriz lojman istorik nan eta nou an. Lojman kominotè nou an soufri anpil ane dezenvestisman, sa ki souvan bay yon konbinezon dezaz ant vyolasyon grav ak danje sante ki vin pi grav chak ane yo pa ke yo pa adrese yo. Nou pa gen ase lojman ki an sekirite ak abòdab, espesyalman kay pou demaraj, pou popilasyon nou an ki egziste deja epi nou definitivman pa gen ase lojman pou nouvo anplwayè k ap chèche rele New York Santral lakay yo. Plan lojman anbisyè Gouvènè a pral ede Nò Eta New York envesti nan nouvo lojman ki nesèsè anpil ak nouvo teknoloji, repare estòk lojman ki egziste deja epi pi byen prepare kominote nou an pou lavni. Nou enpasyan pou nou bati pi byen ak Gouvènè Hochul ak Kontra Lojman Eta New York la."

Raquan Pride-Green, Direktè Egzekitif, Blueprint 15, Inc., te deklare, "Nan non Blueprint 15, Inc, m ap ekri pou m eksprime sipò pou Pwogram Kontra Lojman New

York Gouvènè Hochul la. Aksè ak bon jan kalite kay abòdab, ki an sante ak an sekirite enpòtan pou tout kominote yo nan Eta New York. Mank bon jan kalite lojman abòdab se youn nan rezon ke yo pi souzestime ke moun te kite eta New York pandan kèk deseni ki sot pase yo. Yo te kreye travay nan Eta New York twa fwa pi vit ke nouvo inite lojman anvan pandemi an. Pwogram Kontra Lojman an pral ede bese ogmantasyon pri kay ak pri lwaye a lè li bay nouvo estòk lojman, sa ki fè Eta New York vin yon kote ki pi abòdab pou viv. Avèk yon nouvo estòk lojman ki gen apeprè 800,000 inite jan Pwogram Kontra Lojman New York la pwopoze a, pri pou lojman yo pral diminye, sa ki pral lakòz yon rediksyon Nouyòkè k ap peye plis pase 30 pousan nan revni yo pou lojman, sa ki lakòz plis Nouyòkè rete nan Eta New York ak lòt Nouyòkè k ap retounen ansanm ak nouvo rezidan yo."

Katelyn Wright, Direktris Egzekitif Greater Syracuse Land Bank, te deklare,

"Pandan plizyè deseni zòn Syracuse la te soufri yon mank bon jan kalite lojman abòdab. Dapre dènye done resansman Etazini an, 87 pousan nan fwaye Syracuse ki lwe yo gen gwo chay lwaye - yo depanse plis pase 30 pousan nan revni brit chak mwa yo nan lojman. Ak Micron k ap vini nan vil la ak demann lojman an k ap ogmante nan Konte Onondaga, nou sèlman espere ke l ap vin pi difisil pou fanmi Syracuse yo jwenn bon jan kalite lojman abòdab. Kontra Lojman ak angajman Gouvènè a pou ogmante rezèv lojman abòdab pa te kapab rive nan yon pi bon moman. Nouvo inite y ap mete sou mache a pral non sèlman abòdab, men yo pral an sekirite, an sante, ak san danje ki lye ak penti plon. Greater Syracuse Land Bank t ap travay pandan yon deseni pou jwenn kontwòl sit ak rasanble sit yo pou nouvo konstriksyon epi kounye a, avèk sipò finansye Eta New York, nou menm ak patnè lojman abòdab nou yo nan Syracuse tankou Home Headquarters, Jubilee Homes, ak Housing Visions, nou pare pou konstwi."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418